

Enfòmasyon Enpòtan pou Travayè Imigran yo

Si w ap travay nan Vil New York, ou gen dwa kèlkeswa sityasyon ou ak imigrasyon, nasyonalite ou te genyen anvan an, oswa peyi kote ou soti.



Konje Maladi ak Sekirite Peye

Si ou travay nan Vil New York pou plis pase 80 èdtan pa ane, ou ka jwenn jiska 40 èdtan konje maladi ak pou sekirite chak ane. Pran konje a pou pran swen ak tretman ou menm oswa nenpòt moun ou konsidere fanmi, oswa pou chèche èd oswa pran lòt mezi pou nenpòt ki zak oswa menas vyolans nan kay, kontak seksyèl ou pa vle, moun k ap talonnen ou, oswa trafik moun.



Salè Minimòm

Ou dwe touche pou chak èdtan ou travay, tankou travay ou fè anvan ak/oswa apre lè ki pwogram pou w travay ak tan pou pase ap vwayaje pandan jounen travay la.

Kòmanse 31 desanm 2018, salè minimòm sa yo ap anplas:

Salè Minimòm nan Vil New York - Plan	31 desanm 2018	31 desanm 2019
Anplwaye nan Restoran (Fasfoud)		
Nenpòt kantite travayè	\$15.00	
Tout Lòt Anplwayè		
10 oswa mwens travayè	\$13.50	\$15.00
11 oswa plis travayè	\$15.00	

Gen yon to espesyal pou travay ki resevwa poubwa yo.



Tan Sipleman (Ovètaym)

Si ou travay plis pase 40 èdtan nan yon semèn, anplwayè ou dwe peye omwen 1.5 fwa lajan nòmal ou travay an plis 40 èdtan an.

Dwa pou Rasanble



Ou ka rasanble ak kolèg travay ou yo nan divès kalite aktivite ou zafè travay la ki konsène ou, tankou si ou vle yon sendika reprezante ou. Anplwayè yo pa gen dwa fè menas, diskriminasyon, oswa pran lòt aksyon kont ou paske w ap rasanble oswa pale ak lòt kolèg travay ou sou kondisyon travay nou.

Espas Travay ki San Danje pou Sante ak Sekirite



Espas travay ou pa dwe gen okenn danje pou sante ak sekirite ou. Ou gen dwa ou resevwa enfòmasyon ak fòmasyon sou danje nan travay la.

Espas Travay San Diskriminasyon



Lwa Minisipal, Eta, ak Federal entèdi diskriminasyon ak tizonay ki baze sou plizyè rezon. Men kèk rezon yo pa dwe diskriminasyon kèlkeswa si se vre oswa se jis sa yon moun panse:

- Sityasyon moun nan ak imigrasyon
- Ras moun nan
- Peyi kote moun nan soti
- Relijyon / kwayans moun nan
- Koulè moun nan
- Si moun nan gen yon andikap
- Si moun nan se fi oswa gason
- Si moun nan idantifye tèt li kòm fi oswa gason
- Si moun nan ansent
- Si moun nan renmen moun menm sèks ak li oswa pa
- Si yo te deja arete moun nan oswa li gen yon kondanasyon nan dosye li
- Si moun nan se yon viktim vyolans nan kay
- Si moun nan ak okipe lòt moun

Travayè endepandan k ap travay ak kontra ki pa anplwaye yo menm gen pwoteksyon ont diskriminasyon ak tizonay tou.

(Kontinye sou do a)



Bill de Blasio
Mayor

Consumer Affairs

Lorelei Salas
Commissioner

Mayor's Office of Immigrant Affairs

Bitta Mostofi
Commissioner

Commission on Human Rights

Carmelyn P. Malalis
Commissioner/Chair



Dwa pou yon travayè k ap travay ak yon kontra touche pou travay li fè

Si ou se yon travayè endepandan nan Vil New York, ou gen dwa legal ki gen ladan:

- **Kontra ki fèt alekri** pou travay ki yon total \$800 oswa plis pandan nenpòt peryòd 120 jou
- **Dwa pou touche a lè**
- **Dwa pou pote plent** si yo pa peye ou alè pou travay ou te fè
Ou gen dwa pou touche doub lajan yo pa te peye ou a, dedomajman pou revanch, ak peman pou frè ak depans avoka.

Sa ou dwe konnen si ajans Ranfòsman Lwa Imigrasyon ak Dwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) vini nan travay ou:

- Rete kalm.
- Si ou pale ak ICE, ou dwe konnen yo ka itilize nenpòt bagay ou di kont ou.
- Si ajan ICE yo pa gen yon manda jidisyè, yo dwe jwenn konsantman pou antre nan zòn prive yo.

Bagay ou dwe konnen si otorite imigrasyon arete ou:

- Ou ka mande pou pale ak yon avoka.
- Ou ka pale ak avoka ou avan ou siyen nenpòt ki bagay.
- Si ou pale ak ICE, ou dwe konnen yo ka itilize nenpòt bagay ou di kont ou.

Remak: NYPD pa otorite nan zafè imigrasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Biwo Majistra a pou Zafè Imigran nan 1-212-788-7654.

Èske ou gen kesyon oswa ou bezwen èd?

Dwa nan Espas Travay la

Biwo Règleman ak Estanda Travay nan Depatman Zafè Konsomatè (Department of Consumer Affairs, DCA) se resous santral Vil New York pou pou travayè yo. Pou kontakte DCA:

- Rele **311** (212-NEW-YORK deyò Vil New York). Mande pou lwa Konje Maladi Peye ak San Danje, Travayè Endepandan, oswa Semèn Travay Ekitab.
- Imèl **OLPS@dca.nyc.gov**
- Ale sou sitwèb **nyc.gov/dca**

Sèvis Imigrasyon Jiridik

ActionNYC fè evalyasyon jiridik imigrasyon san danje ak gratis nan kominote ou a, nan pwòp lang ou. Pou kontakte ActionNYC:

- Rele **311** epi di "ActionNYC."
- Ale sou sitwèb **nyc.gov/actionnyc**

Ou ka jwenn èd jiridik gratis ak aplikasyon pou sitwayènte nan NYCitizenship. Ou dwe pran yon randevou. Pou kontakte NYCitizenship:

- Rele **311** epi di "randevou sitwayènte".

Biwo Majistra pou Zafè Imigran (Mayor's Office of Immigrant Affairs, MOIA) pwomouvwa byennèt kominote imigran yo ak bay enfòmasyon sou sèvis jiridik ak Minisipal pou imigran yo. Pou kontakte MOIA:

- Ale sou sitwèb **nyc.gov/immigrants**

Pwoteksyon kont Diskriminasyon

Komisyon Vil New York sou Dwa Moun responsab pou ranfòse Lwa Dwa Moun ak pou edike piblik la epi ankouraje bonjan relasyon nan kominote a.

Si ou se viktim diskriminasyon oswa tizonnay nan travay oswa ou wè y ap fè yon moun sa, kontakte Komisyon an:

- Rele **311** oswa **1-212-416-0197**
- Ale sou sitwèb **nyc.gov/humanrights**



Bill de Blasio
Mayor

Consumer Affairs

Lorelei Salas
Commissioner

Mayor's Office of Immigrant Affairs

Bitta Mostofi
Commissioner

Commission on Human Rights

Carmelyn P. Malalis
Commissioner/Chair